



AVÈTISMAN SOU RÈGLEMAN

Tit: Règleman Asistans Finansye pou Gadri pou Timoun ki Kalifye pou Revni Pwovizwa yo

Nimewo Dosye: CCFA-26-01

Dat li Pibliye a: 7 Janvyè, 2026

Dat li Kòmanse: 1ye Janvyè, 2026

APÈSI

Depatman Edikasyon ak Swemn/Gadri pou Timoun Piti nan Massachusetts (EEC) ap travay pou amelyore pwogram Asistans Finansye Swen/Gadri pou Timoun li yo. Nan mwa Oktòb 2023, EEC te revize regilasyon CCFA li yo epi yo te antre an aplikasyon. Depi lè sa, EEC te soti plizyè nouvo règleman, pwosedi, ak gid pou bay administratè ak fanmi yo plis detay ak klarite konsènan regilasyon yo

EEC mete ajou regilasyon CCFA yo ankò pou ka konfòme ak nouvo egzijans yo ki nan Ane Fiskal 2025 Andeyò de bidjè eta yo. Chanjman legal sa yo ap antre an vigè nan dat k ap **1ye Janvyè, 2026**, epi li mande pou mete ajou tou 2 règ CCFA yo ak règleman ki idantik yo. Avi politik sa a eksplike chanjman yo epi dekri kijan yo pral antre an Pratik.

Chanjman Enpòtan nan Regilasyon yo

- Pwolonje premye kalifikasyon pou fanmi ki genyen revni ki depase 85% parapò ak Revni Mwayèn Eta a (SMI) epi pèmèt Depatman depase 85% SMI si gouvènman federal la bay finisman adisyonèl pou fè sa
- Ajoute aksè priyoritè pou fanmi ki nan oswa anba 50% SMI
- Fè aksè ki egziste deja yo legal pou anplwaye edikasyon espesyal ak swen ki fè pati pwogram, Dezabilite/andikap, fanmi ki pa gen kay pou yo abite/sanzabri, paran ki jèn, ak moun k ap sibi vyolans domestik.
- Kodifye ke asistans gouvènman leta a (TANF, CCFA, elatriye.) pa konte kòm revni pou detèmine kalifikasyon pou asistans gouvènman leta a

APLIKABILITE

Règleman sa yo aplikab pou fanmi k ap resevwa asistans finansyè pou gadri/swen pou timoun, fanmi ki sou lis atant Asistans Finansye Gadri/Swen Timoun epi ki bay gid pou fanmi ka gen aksè ak administratè yo.

MIZAJOU ENPÒTAN YO

MIZAJOU SOU REVNI KI KALIFYE YO

Revni

Fanmi yo dwe genyen yon kanite revni ki evalye ak oswa mwens pase 50% SMI pandan moman otorizasyon inisyal yo a. Fanmi yo ka rete kalifye pou asistans finansman swen timoun si kantite kòb ki antre nan kay la rete nan menm kantite a osinon mwens pase 85% SMI.

- 2 resous adisyonèl de revni pou w retire lè w ap detèmine elijibilite a:
 - Revni frè ak sè ki pa p resevwa asistans finansman swen timoun, ak
 - Nenpòt kòb timoun ki minè yo touche

Sonje :

- Fanmi ki genyen ti kat aksè sibvansyon (voucher) gadri pou timoun yo ki gen revni ki elijib p ap kontinye resevwa swen ak aksè sè ak frè.

Jesyon Lis Moun K ap Tann

Aksè Priyorite

Fanmi sa yo pral jwenn aksè ak finansman ak priyorite ki menm:

- Fanmi ki gen yon revni ki plis ke 50% parapò ak revni mwayèn leta a (SMI)
- Fanmi kote yon paran osinon moun ki responsab pou pran swen an ap travay nan branch edikasyon espesyal ak gadri/swen epi nan kay la yo genyen yon revni ki pa plis 85% parapò ak revni mwayèn leta a (SMI)
- Fanmi ki genyen yon moun ki andikap yo epi nan kay la yo genyen yon revni ki pa plos pase 85% parapò ak revni mwayèn leta a (SMI)
- Fanmi ki sanabri yo
- Fanmi ki genyen yon paran ki jèn (ki gen mwens pase 24 lane)
- Fanmi ki genyen yon paran k ap andire vyolans domestik yo

Plasman sou lis Atant lan

- Fanmi ki genyen swa youn oubyen plizyè estati ki anlè yo ap asiye ak kòd estate priyorite ki respektif la (yo) nan sistèm jesyon lis atant lan
- Pa gen okenn lòt kòd ki dwe itilize nan lis atant plasman an, ni pou òf finansman

Otorizasyon yo

- Timoun ki elijib yo dwe resevwa asistans yo swa atravè yon kontra osinon yon ti kat sibvansyon gadri, li paka tou 2 anmenmtan.
- Lè yon timoun rive nan laj maksimòm elijibilite a (lè l genyen 13 lane oubyen yon timoun ki genyen yon andikap ki genyen 16 lane) pandan ane lekòl la, timoun lan rete elijib pou sèvis swen timoun jiskaske ane lekòl la fini kote y ap rive nan laj maksimòm lan oswa osinon jiskaske otorizasyon yo genye aktyèlman an fini, kèlkeswa sa k vin aprè.
 - Pa egzanp, si yon timoun genyen 13 lane (oswa yon timoun ki genyen yon andikap apenn genyen 16 lane) nan mwa Janvye epi re-otorizasyon fanmi an ap fèt nan mwa Mas, otorizasyon an dwe pwolonje pou jis 30 Jen.
 - Administratè ki la pou bay fanmi yo aksè a ap pwolonje otorizasyon yo genyen aktyèlman an jiska 30 Jen nan ane eskolè a lè yo soumèt yon tikè nan sèvis èd la.

RESOUS YO

Konsèy règleman sa ranplase seksyon aplikab yo nan “[Pwogram Asistans Finansye pou Timoun ki Elijib pou Revni Entèmedyè](#),” ki te antre an vigè nan dat kit e 1ye Oktòb, 2023, ak “[Kalifikasyon Revni Entèrim, Depatman Timoun ak Fanmi \(DCF\), ansanm ak Depatman Asistans Tranzisyonèl \(DTA\) Règleman Asistans Finansye pou Gadri/Swen pou Timoun](#),” ki te antre an vigè nan dat ki te 30 Avril, 2024. Kontni espesifik ki ekspire yo se:

Règleman Pwogram Asistans Finansye pou Swen Timoun ki Kalifye pou Revni Pwovizwa, ki efikas apati 1ye Oktòb 2023:

- ELIJIBILITE REVNI – LIS ATANT – AKSÈ PRIYORITÈ (paj 3-4)
- ELIJIBILITE REVNI – LIS ATANT– AKSÈ IMEDYA – FANMI KI PA GENYEN KAY POU YO DÒMI YO (paj 4-6)
- ELIJIBILITE REVNI – ELIJIBILITE – DOKIMAN: Revni total kay (paj 10)
- ELIJIBILITE REVNI – ELIJIBILITE – LAJ TIMOUN: Dezyèm fraz nan premye paragraf la (paj 11)
- ELIJIBILITE REVNI – ELIJIBILITE – REVNI (paj 12)
 - Premye fraz la ekspire kounya
 - Ajoute 2 sous revni adisyonèl pou ka retire lè y ap detèmine elijibilite

Kalifikasyon Revni Entèmedyè, Depatman Timoun ak Fanmi yo (DCF), ak Depatman Asistans Tranzisyon (DTA) Rèleman Èd Finansye pou Swen Timoun, ki ap antre an vigè 30 Avril 2024:

- ELIJIBILITE REVNI – JESYON LIS ATANT AK KOMINIKASYON (paj 2-3)
 - o Sou pwen “kritè debaz ki redefini pou ofri asistans finansye pou swen timoun,” dezyèm ak twazyèm pati ki nan Eitati Lis Atant Priyorite yo ekspire. (ki anba nan paj 2 ak anlè nan paj 3).

Silvouplè vizite anliy EEC [Sant pou Chanjman nan Pwogram Asistans Finans pou Swen Timoun yo](#) pou règ ki resan yo, règ enterim, konsèy sou politik resous fòmasyon asistans finansye swen timoun yo

Pou w ka jwenn asistans avèk aplikasyon oswa entèpretasyon pou règleman Asistans Finansye Swen/Gadri pou Timoun pwovizwa sa yo, kontakte EEC nan eeccsubsidymanagement@mass.gov.